



**“Yon sèl la”**

**Renouvèlman eklezyal nan pratique yon “katechèz evanjelizasyon”**

**Yon vizyon pou renouvèlman nan dyosèz Bridgeport**

**Reveran Frank J. Caggiano**

**Evèk Bridgeport**

Pratik “katechèz evanjelizasyon” an gen kòm objektif pou bay (1) bon jan opòtinite pou chak manm Legliz la ki batize pou yo antre nan prezans Kris chak jou, e konsa ranfòse relasyon yo avèk Li, pandan ke nan menm tan an (2) yo jwenn akonpayman nan cheminman pèsonèl yo avèk lafwa pou yo tounen disip aktif e misyonè nan mond lan.

Pratik sa ap facilite bon jan pwoklamasyon levanjil la avèk le salut nan Jezi Kris epi ede chak manm Legliz la ki batize nan rechèch yon sentete pèsonèl radikal

Avèk sa yo kòm objektif, yon pratik eklezyal katechèz evanjelizasyon an pran sous li epi li atenn somè li nan patisipasyon total, aktif, volontè chak gress katolik ki batize, nan chak selebrasyon litijik, spesyalman nan selebrasyon mès dominikal Sen Sakrifis la. Konsa, li ap etabli baz yo pou (1) yon bon jan nenouvèlman Ekaristik nan Dyosèz nou an, avèk tou (2) you renouvèlman a lontèm lavi pawasyal la.

Jan sa masnyone deja a, gen de prensip dinamik ki defini katechèz evanjekzasyon an, e chak gress mande pou bay plis eksplikasyon: (1) **Favorize rankont pèmanan avèk Kris epi (2) “Akonpayman nan la gras”.**

## I. Favorize rankont pèmanan avèk Kris:

Seyè a ap chèche revele prezans Li a chak moun ki fèt nan imaj ak resanblans Bondye a travè divès mwayen ki reflete vrè nati lòm. Patikilyèman, kòm lòm se inyon nan lagras kò a, nam nan ak lespri a, Seyè a ap chèche rankontre chak moun a travè eleman sa a menm ki ki fòme nou an.

Karakteristik siperyè sa yo ki se **la verite, la bote avèk la bonte** souvan idantifye kòm mwayen prensipal Seyè a itilize pou fè santi prezans li. Sa se vre paske limanite ap chèche la pèfeksyon nan eseye atenn la verite, la bote avèk la bonte. Konsa, rechèch nou pou nou rankontre avèk Bondye, ki enprime nan chak gress nam, jwenn aksè pou al jwenn Li patikilyèman a travè twa karakteristik siperyè sa yo, a la fwa pa mwayen òdinè tankou mwayen ekstraòdinè

Menm avèk pi bon entansyon nou avèk bon jan efò, pèsonn pa ka garanti yon rankont avèk Seyè a. Chak rankont avèk Seyè a se yon akt de gras a travè pouvwa Lesprisen an, ki baze sou kapasite yon moun pou resevwa lagras nan lavi li. Yonn nan objektif pratik rankont lan se **entansyonèlman kreye otan de opòtinite ke posib ki kapab, pa lgras, touche lespri a, kè a e nanm nan**, epi konsa kreye posibilité pou rankont avè Kris la ka fèt. Sepandan, nan yon dènye analiz, se Bondye sèl ki ka chwazi lè a, mwayen an ak wout la pou yon moun kapab antre nan prezans Li, Lanmou li ak miserikòd li.

Imaj ke nou kapab dekri kòm kòm you strateji eklezyal pou fè pwomosyon rankont avèk Kris la se **semans gress**. Tach pou nou akonpli ansanm pandan ane ki ap vini yo se se simen otan de gress ke rankont avèk Kris la posib, atravè la verite, la bote avèk la bonte, yon fason pou gress sa yo jèmen epi bay nesans a yon lafwa e yon lanmou ki vivan nan moun sa yo ki pwofite de opòtinite a. Bon jan rankont sa yo avèk Kris la ap kreye premye pa yo pou moun yo kòmanse suiv mèt la epi kontinye ale pi lwen sou sou chemen sa tout pandan lavi yo.

Twa karakteristik siperyè yo ki kontribye nan yon pratik eklezyal rankont lan se:

1. **La verite:** Nou dwe rekonèt ke **la verite se yon reyalite ki gen plizyè dimanyon** kote ke tout eleman yo pwente nan direksyon **Bonye ki se La Verite a menm**.
  - a. Pami opòtinite pou rankontre la vertie yo genyen:
    - i. Asire **ansèyman sistematik lafwa katolik la a sa ki batize yo, patikilyèman granmoun yo ak paranyo**;
      1. Sa enplike aprann verite lafwa yo jan li rekòmande nan Katechèz Legliz Katolik la;
      2. Yon atansyon patikilyè dwe akòde a ansèyman lafwa Ekaristik Legliz la, spesyalman nan vrè prezans Kris la
        - a. Resous: Enstiti pou Fòmasyon Katolik

- ii. Bay **lenstriksyon an Iwanj** selon laj la yon fason pou obstak envizib yo ki souvan bloke travay lafwa a kapab byen ekspoze e eksplike, tankou:
    - 1. Founi yon konpreyansyon jeneral de antwopoloji kretyèn nan a fidèl tout laj (sa vle di, Teyoloji kò a)
    - 2. Eksplore verite syantifik la e pwofan nan kòm yon mwayne ki pèmèt konprann relasyon entim ki genyen ant lafwa avèkla rezon
      - a. Resous: Pwogram lekòl Katolik yo
      - b. Opòtinite: fòmasyon pwogresif pou fòmatè avèk anseyan yo nan lekòl katolik yo
      - c. Opòtinite: Kreye yon eksperyans fòmasyon efikas nan kolèj/lise yo ki ap pèt tranmèt transmisyon lafwa a yon manyè global
  - iii. Itilize epi entegre opòtinite yo ke **kominikasyon modèn ak medya sosyo yo kòm zouti edikasyon** pou plante lafwa. Sa mande pou nou disèn limit yo kote ke teknoloji a ka sèvi kòm ajan fòmasyon, paske entèraksyon pèsònèl yo anndan yon kominote lafwa se yon eleman de baz nan tout fòmasyon Katolik
    - 1. Resous: St John Paul II Center for Evangelizing Communication (ki ap inogire le 27 Avril 2023)
2. **Bote:** li chèche espas kote ke moun nan kapab efektivman rantre an prexans Bondye, ki se la bote Menm. Se yon eleman de baz nan fòmasyon Kretyènn nan paske yon rankont avèk Kris la egzije yon repons konplèt e global a envitasyon konvèsyon an.
- a. Pami opòtinite pou rankontre bote a genyen:
    - i. **Litiji Sakre:** Yon angajman pou selebre Litiji Sakre a nan yon espri de reverans, de transandans e de bote, pandan l'ap envite fidèl la pou patisipe totalman, ak konsyans li e aktivman nan selebrasyon Ekaristi a.
    - ii. **Mizik Sakre:** Ofri tout moun ki batize yo opòtinite dirab pou yo apresye tout patrimwàn mizik sakre a ki se pateimwàn Legliz la. Genyen ladan yo yon rich varyete mizik ki soti nan anpil kilti ki anndan legliz nou an a lechèl mondal, soti nan chan Gregoryen, pase na polifoni sakre pou rive nan mizik kretyèn kontanporèn.
    - iii. **Travay Atistik ak Achitekti sakre:** ofri a moun ki entèrese yo opòtinite pou yo rankontre konkretizasyon bote divin nan a travè zèv atistik e achitektiral sakre.
    - iv. **Pèlerinaj:** Pandan lontan pèlerinaj yo se te mwayen privileje pou dekouvri sit sakre lafwa nou an. "Vwayaj sakre" sa yo, ke yo fèt sou yon baz dyosezen,

rejyonal oubyen mondal, yo kapab bay opòtinite inik pou pèleren yo rankontre gras Seyè a epi louvri kè yo a mesaj konvèsyon ak lanmou Li a.

1. Yon pati nan pèleren yo kapab fè kèk refleksyon spirityèl ki baze sou la nati, sa ki envite a yon rankont avèk kreyatè diven an atravè bote kreyasyon li a.
- v. **Priyè:** Alòske lapriyè a transande sèl kategori bote a, kategorizasyon li kòm rankont bote sakre a raple nou “kominyon” ki se objektif la priyè a. Se yon moman komunikasyon sakre avèk Seyè nou an ke nou renmen anpil la, kote ke nou ap envite li touche lespri nou, kè nou ak volonte nou kòm repons a mizerikòd li ak padon li
  1. Legliz nou an gen anpil mwayen tradisyonèl pou pase tan nan la priyè, ki ka ede nou sou wout lafwa endividyle e kolektif nou, tankou sa yo:
    - a. Pou nou **aprann diferant tradisyon priyè yo** avèk diferant tradisyon spirityalite yo ki anrichi Legliz nou an atravè tout tan you.
    - b. **Etid Ekriti Sakre** yo a travè lesion nan klas ak lekti, gwoup pataj Biblik, *lectio divina*, epi prezante diferan lekòl yo, mwayen yo ak metòd priyè yo a fidèl la;
    - c. Ofri **seyans priyè an kominote** sou otan de fòm ke posib;
    - d. Ofri **retrèt** pou tout moun ki t'a renmen patisipe;
    - e. Kòm lòt sous lapriyè nou ka konsidere **refleksyon sou ansèyman Majisteryal**, zèv literè avèk lavi sen yo, avèk literati spirityèl kontanporen.
    - f. Ofri fidèl yo opòtinite pou yo patisipe nan **tout aktivite devosyon Legliz la**, tankou litiji lè yo, pwosesyon Ekaristik yo, nevèn yo, 40 è devosyon, chemen de kwa avèk fèt sen yo ;
    - g. Ofri fidèl yo opòtinite pou yo jwen lenstriksyon nan **tradiksyon Litijik Legliz la** epi sou kòman pou yo kapab pi byen viv spirityalite litijik la.

b. Resous: Biwo Litiji ak Lwanj; Asosyasyon Sakrekè Jezi a

3. **La bonte avèk envitasyon pou nou viv nan vèti lòm nan.** Kòm lagras baze sou lanati, chak okazyon you moun genyen pou li aprann e viv de vèti lòm yo ofri li pandan ke li ap envite nou antre nan sentete Kris la.

Pami opòtinite yo pou nou rankontre la bonte geyen:

- a. Disène **don ak talan chak moun** nan kad yon konsepsyon ki pi laj de jesyon ki envite yo itilize don sa yo pou sèvi lòt yo;
- b. Aprann **vèti lòm** yo epi itilize yo kòm boukliye pou pwoteje kò a chak jou;

- c. Ofri opòtinite pou **travay mizerikòd kòporèl e spirityèl yo**,
  - i. Sa gen ladan pou ofri opòtinite pou sèvi moun ki nanbezwen a la fwa nan nan kominate legliz nou yo e nan kominate ki pi laj. Sa t'ap pi efikas si li t'a fèt ant diferan jenerasyon yon.
- d. **Rekreyasyon ak zanmitay:** Etan done ke yon moun se se yon lespri ki pran chè, tout angajman nan yon aktivite fizik, spòtif e rekreyatif kapab tounen yo moman rankont avèk La Pawòl ki pran chè, ki ap envite nou viv vèti a nan reyalite a. Pami okazyon sa yo genyen:
  - i. Ofri jèn yo opòtinite pou yo rekreye yo nan yon anviwònman ki santre sou sou lafwa, sa ap yon bon jan metòd fòmasyon pou you;
  - ii. Kreye rankont sosyal ki fasilité zanmitay pami moun yo, sa ap pèmèt disip yo pou yo akonpaye yonn lòt nan lavi lafwa a(konsilte Pati II a pi ba);
  - iii. Tout rasanbleman ke yo chwazi fè ant diferan jenerasyon yo ofri "ansyen" nan lafwa yo opòtinite pou yo sèvi kòm yon orezans entrifikif pou pou sa ki pi jèn yo e sa pèmèt jèn jenerasyon monte kòm yon sous lespwa pou jenerasyen moun ki pi gran yo;
  - iv. Ofri yon bon jan envitasyon a rejwenn yon ministè a moun ki pa ko deside al nan sèvis adorasyon le dimanch oubyen ki sispann enplike tèt yo nan koze Legliz
- e. **Resous:**
  - i. Konsèy Dyosezen Jèn Adilt yo
  - ii. Sant d'Assise pou Jere Anviwònman an;
  - iii. Sant Familyal Parantal: pou ofri resous pou sipòte jèn fanmi yo
  - iv. Sant Marian pou Lavi;
  - v. Sèvis renouvelman Katolik Corp;
  - vi. Pwogram Anbasadè;
  - vii. Pon an;
  - viii. The Saint Luke Guild for Health Care Workers (ki ap inogire 11 Mas 2023)
  - ix. Lekòl Katolik
  - x. Ministè gwoup Gason ak Fanm

#### **4. Somè Rankont Nou An Avèk Seyè a:**

- a. Pi bèl okazyon yo pou you rankont avèk Seyè a se lè nou patisipe nan nan **celebrasyon sakreman yo**, plis spesyalman nan **Sen Sakrifis Mès la**.
- b. Se pandan **celebrasyon Mès la** ke nou jwenn envitasyon, a travè la verite, la bote ak labonte, pou nou fè eksperyans prezans Seyè a, antre nan Mistè lanmò ak rezireksyon li a epi resevwa Kò Sakre Li a, San Li, Nanm Li ak Divinite Li. Yon rankont konsa se antre nan kominyon divin nan Pandan n'ap resevwa sent kominyon an.
- c. "Semans" okazyon rankont endividyle yo avèk Kris la dwe chèche mwayen pou envite chak manm legliz la ki batize pou yo patisipe nan selsbrasyon Mès la.

- i. Konsa, pratik mache Legliz la pou suiv yon katechèz evanjelizatris, se yon engredyan enpòtan nan angajman dyosezen nou pou yon renouvo Ekaristik ke Legliz dyosezen nou an ap soutni.

## **II. Akonpayman nan La Gras:**

Nan objektif pou nourir yon relasyon pèmanan e apwofondi avèk Seyè a atravè Kò mistik Li a, Legliz, li enpòtan pou chak moun, tout laj jwenn **mwayen akonpayman efikas** nan cheminman lafwa pèsònèl li. Akonpayman sa founi kontèks kote yon moun kapab fè fas a pwòp peche li ak blese li yo nan objektif pou li jwenn gerizon, chèche repons a kesyon konsènan lfwa ak la vi ki okipe lespri li ak kè li epi resevwa ankourajman, rekonfò, soutyen epi lanmou pandan ke an menm tan li ap chèche angaje li nan mond lan kòm disip misyonè.

Si opòtinite rankont yo pa jwenn sipò aktif akonpayman an , relasyon yon moun avèk Kris la kapab fonn byen vit, li ka divòse avèk kominote eklezyal Legliz la ki se sakreman inivèsèl pou le Salut.

Akonpayman an nan kontèks sa diferan de tout fòm de ansèyman tradisyonèl, zanmitay oubyen sosyalizasyon ki make lavi layik la. O kontrè, **akonpayman sa se “mache avèk yon lòt moun nan lanmou”**, epi favorize opòtinite yo pou Seyè a fè santi prezans li nan cheminman lavi yon lòt moun. Tankou moman rankont divin yo, **“akonpayman nan lagras”** la ap sèvi fòs Lesprisen an ki ap chwazi moman an, mwayen yo avèk evènman yo ki ap pèmèt kesyon yo poze yo, blese yo revele e geri epi defi yo leve. Moun ki ap akonpaye yon lòt moun nan lafwa a dwe ap sèvi Lesprisen an epi tounen yon mwayen transmisyon ak disèneman ki ap sèvi na lagras. Poutèt rezon sa li rele “disèneman nan lagras”

Nou dwe rekonèt ke akonpayman an se yon pwosesis anrichisman mityèl. Patikilyèman, moun ki ap akonpaye lòt moun yo jwenn akonpayman tou nan men moun yo ap mache nan lafwa avèk li a. Sa vrè an patikilye pou disip misyonè yo ki prefere opsyon akonpayman nan Legliz la , ede epi soutni moun pòv ki nan bezwen materyèl, fizik, psikologik e spirityèl pami nou yo. Nou pap janm ka blyie ke moun pòv you founi richès spirityèl ke lòt moun pa pataje.

Anndan tou akonpayman genyen nesesite pou chak moun ki batize jwenn soutyen nan kominote ki gen gwo enpòtans nan lavi li yo. Plis spesyalman, genyen de kominote ki ka nourir lavi nou antan ke moun e lavi spirityèl nou: (1) **fwaye familyal nou avèk tou ekstansyon li** epi (2) **fanmi eklezyal pawasyal nou**. De kominote sa yo, avèk moun ki ap dirije yo a, se pilye enpòtan nan travay akonpayman an.

Moun yo ki se lidè yo dwe konprann ke yo pakapab akonpye kote ke yo menm yo pokò ale. Poutèt sa, jan pap sen Paul IV te di li a, kalifikasyon prensipal pou moun ki vle akonpaye lòt yo nan lafwa se pou you angaje yo pou yo tounen temwen lafwa nan Jezi Kris, anndan e pou Legliz li a. Paske si yo pa pran o serye pwòp kondisyon pa yo antan ke disip, yo pap kapab ede lòt yo nan relasyon yo avèk Seyè a.

Finalman, souvan se **eksperyans yon soufrans, yon trajedi oubyen yon pèt nan pwòp lavi li** oubyen yon moun ki chè pou li ki pwovoke bezwen pou abòde kesyon egzistansyèl yo nan lavi a, tankou sans lavi a, objektif ak desten li. Moman sa yo bay to bon jan okazyon pou akonpaye yon

moun nan nan la charite kretyèn, patikilyèman moun ki ap soufri yo epi temwaye fòs gerizon ki sòti nan na Jezi Kris e atravè li a

**1. Fwaye Familyal avèk Ekstansyon li:** Akonpayman nan lafwa a kòmanse nan fanmi an, paske paran yo gen premye wòl kòm temwen lafwa devan timoun yo. Li klè ke anpil paran pa te jwenn posibilité pou rankontre Seyè a epi grandi yon relasyon avèk Li. Kòman pou nou mande timoun yo pou yo sèvi temwen lafwa si nou pa sèvi nou menm? Poutèt sa, yon objektif enpòtan nan yon pratik eklezyal renouvre se kreye okazyon pèmanan pou rankontre avèk kris la pou tout granmoun yo, patikilyèman paran yo, epi envite yo nan akonpayman nan lafwa.

Opòtinite fòmasyon avèk soutyen dwe kreye, avèk èd ak resous dyosezen yo, pou moun ki **fiyanse yo, jèn marye yo, paran yo** (sa vle di founi yo yon fòmasyon ak yon soutyen nan lavi lafwa pèsonèl yo avèk nan vokasyon yo antan ke paran) pou **gran paran yo ak ene yo nan fanmi an**.

Fòmasyon renouvre asosye a sakreman batèm nan dwe jwenn yon atansyon spesyal. Fòmasyon sa dwe gen kòm objektif pou etabli yon relasyon solid avèk paran yo a mezi ke timoun yo ap grandi epi lèyo kòmanse ap fè fas a premye defi yo atan ke paran. Jan de relasyon sa yo avèk legliz, lè yo etabli depi nan premye ane yo, genyen anpil chans pou yo kontinye a mezi ke timoun ap atenn matirite yo.

## **2. Kominote pawasyal kòm “Fanmi Eklezyal yon ti Kominote”**

Bay manm ti kominote relije yo mwayen akonpayman nan lafwa se you bon metòd akonpayman. Ou ap jwenn jan de ti kominote sa yo sou plizyè fòm nan pawas yo (pa egzanp, gwoup moun yo, Walking With Purpose, ekip spò yo, ministè litijik yo, gwoup jèn yo, etc.) . Sa nou bezwen se yon strateji pastoral pou fòme gwoup sa yo, epi mete yo nasitiyasyon pou yo akonpaye pwòp manm yo nan lafwa kretyèn (pa sèlman nan aktivite sosyal yo, lwazi oubyen sèvis sosyal).

Na vizyon “katechèz evanjelizasyon” sa, gran kominote pawasyal la konsidere kòm prensipal “san rankont” lan kote ke ti kominote yo ki nan pawas la ka reyini pou fè priyè e selebre ansanm. Pou rezon sa, yon reaffirmasyon santralite ekaristi a kòm objektif e misyon chak kominite pawasyal enpòtan.

Vizyon sa favorize yon dinamik doub. Pawas la sèvi kòm lyen pou yon akonpayman manm li yo nan lagras a la fwa antan ke manm ti kominote yo e antan ke manm yon gran kominite adorasyon. Pawas la tou se se kominote ki voye manm li yo an misyon pou pote lanmou ak mizerikòd Bondye a moun ki vle resevwa yo.

Pou reyalize vizyon sa, li enpòtan pou angaje, e fòme responsab pawas yo nan akonpayman spirityèl nan ba yo opòtinite tout tan pou yo rankontre Seyè a a travè laverite, la bote ak la bonte. Klèje a enplike tou, nan yon wòl papa spirityèl nan lafwa, tout responsab pawas ak

katehèz yo (patikilyèman anseyan lekòl katolik yo ak pèsonèl fòmasyon pawasyal yo), minis litijik yo ak tout ak tout responsab pastoral e administratif yo.

Ofrei posibilité oryantasyon spirityèl a moun ki ap dirije yo enpòtan anpil pou aprann yo metrize disènman ki enpòtan anpil nan travay akonpayman an.

Resous: Murphy Center for Ignatian Spirituality

### **3. Eleman ou ka jwenn nan tout Strateji Renouvèlman Pawasyal**

- a. **Identifye** novo ti kominote lafwa yo ki anndan gran kominote pwasyal yo;
- b. **Envite** Mouvman ak Kominote Eklezyal yo kapab yon bon mwayen pou renouvèlman pawasyal la
- c. **Etabli** yon apostola kòm tès desizif vrè verite yon pawas ki genyen yon ouvèti so yon reyalite ki pi laj, an patikilye pòv yo.
- d. **Favorize Kolaborasyon Pawasyal Rejyonal** ki ap pèmèt yon pataj resosus yo
  - i. Resous: Seton Collaborative
- e. **Bay yo atansyon pawasyal patikilyè** a manm kominote yo ki ap fè fas a pi gwo difikilte mond layik la, tankou: adolesan kolèj/lise yo jèn adilt yo avèk granmoun ki gen anpil laj yo.
  - i. Resous: Konsèy Dyosezen Jèn adilt yo
  - ii. Opòtinite: Kominote Lekòl Katolik yo kòm sant Akonpayman nan Lagras
  - iii. Opòtinite: Retrèt pawasyal, retrèt Emmaus, retrèt Cursillo
    - i. ts, Cursillo retreats